

Ensilin ak Dyabèt

Yon ògàn ki rele pankreyas pwodyi ensilin nan kò ou. Pankreyas la fè plis ensilin apre ou fin manje. Ensilin ede kò ou itilize sik ki nan manje ou manje lè li retire sik ki nan san ou pou mennen li nan selil ou yo. Selil ou yo bezwen sik pou enèji.

Kèk moun pa fè ensilin ditou, epi yo dwe pran piki ensilin.



Kèk moun pran grenn pou ede ensilin yo genyen an travay pi byen.

Kèk moun fè ensilin, men yo toujou bezwen pran piki ensilin pou yo rete an sante. Yo dwe pran ensilin sou fòm piki.



Ensilin kapab ede ou kontwole nivo sik nan san ou epi li kapab evite ou gen pwoblèm grav dyabèt lakòz.

Gen plizyè kalite ensilin. Kèk travay trè vit, lòt yo dire anpil tan. Kèk se melanj plizyè kalite ensilin.

Diferans ki pi enpòtan nan de (2) ensilin yo sèke ensilin ki gen aksyon lan an kenbe sik ou sou kontwòl lè ou pa manje, epi ensilin ki gen aksyon rapid la kenbe sik ou sou kontwòl lè ou manje.



Kalite ensilin ou pran an se


Se

Kantite ou pran an se

Ensilin mezire an inite. Ou pran ensilin lè ou pran yon piki nan zòn gra vant ou, kvis ou oswa anwo bra ou avèk yon ti zegyi. Si ou kontinye itilize menm zegyi a, l ap vin ize avèk chak piki, poutèt sa li bon pou ranplase li apre youn oswa de (2) piki. Pa janm kite lòt moun itilize zegyi ou.

Kèk moun itilize estilo enjektè ensilin oswa ponp ensilin.

Lè w ap pran ensilin, li enpòtan pou tcheke sik nan san ou jan doktè a mande w pou ka asire ensilin lan travay byen. Ekri rezilta yo epi pote yo ba founisè swen sante ou nan chak vizit ou pou yo kapab ede ou ajiste kantite ensilin ou bezwen pou kenbe sik ou sou kontwòl.



Enfòmasyon ki nan atik sa a te sòti nan sitwèb American Diabetes Association, www.diabetes.org.
© 2013 Nipro Diagnostics, Inc. Logo Nipro Diagnostics se yon mak komèsyal Nipro Diagnostics, Inc. MKT029TCL Rev. 20